ku ma waxal jenn wax te xam ne ay fen la, moom kenn la ci fenkat yi

Jële nañu ci Samurata Ibn Jundub ak Muxiirata Ibn Suhbata yal na leen Yàlla dollee gërëm ñu wax ne, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "ku ma waxal jenn wax te xam ne ay fen la, moom kenn la ci fenkat yi".

[Wér na] [رواه مسلم في مقدمته]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne ku toxal ab hadiis askanale ka ko fekk xam na walla mu not ci njortam ne dañu ko a fenal Yonnente bi kon aji-nettali ji day bokk ak ki sos fen wi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/6982